

# Pwoteksyon Kont Reyisans

Ensidan ak krim rayisans yo fèt lè moun yo aji sou baz gwo repiyans, kwayans negatif, oswa laperèz ki san sans poutèt reliyon, ras, oryantasyon seksyèl, idantite jan, andikap, afilyasyon politik, ak/oswa laj reyèl oswa prezime yon moun. Ensidan ak krim rayisans yo souvan ogmante souvan anvan ak apre eleksyon nasyonal yo epi apre gwo evènman mondal yo, tankou lagè, konfli, ak zak teworis. Moun yo kapab viktим ensidan oswa krim rayisans yo dirèkteman, yo kapab temwen yo, oswa yo kapab okouran de yo atravè medya yo. Ensidan ak krim rayisans yo kapab vize moun oswa gwoup moun, san wete sant kominotè yo oswa sant reliye yo.

**Ensidan rayisans yo** se aksyon ki pa aksyon kriminèl lahèn pouse yon moun fè.

**Krim rayisans yo** se zak kriminèl lahèn pouse yon moun fè, tankou menas aloral pou fè mechanste, agresyon, oswa zak kraze brize.

Krim ak ensidan rayisans yo se move bagay e moun pa ta dwe janm komèt yo. Men, gendelè moun komèt yo. Men kèk konsèy ki pou ede w asire sekirite w ak sekirite fanmi ou:

- ➔ Rete vijilan. Prete atansyon ak sa k ap pase ozalantou ou.
- ➔ Evite kote ki izole oswa kote ki gen tikal ekleraj.
- ➔ Mache avèk yon moun oswa mache an gwoup chak lè sa posib.
- ➔ Voye mesaj tèks bay yon zanmi oswa yon famni oswa rele li lè w kite oswa rive kote a.
- ➔ Konnen kijan pou w rele 9-1-1. Si w gen pwoblèm lang, chèche konnen kijan pou w mande yon entèprèt.

## Si Ou Viktim oswa Temwen yon Krim Rayisans

Pafwa, li kapab difisil pou w konnen lè yon moun komèt yon krim rayisans. Si w viktим oswa temwen yon sityasyon ki sanble ak yon krim epi ou panse yo fè li sou baz repiyans, paspouki, oswa lahèn kont yon gwoup moun espesifik ou fè pati, men kèk bagay ou kapab fè:

### Priyorize Sekirite Ou

- Kite kote ki danjere a.
- Al kay doktè si sa nesesè.
- Note oswa di yon moun sa w te wè a, mo egzak moun nan te di, oswa nenpòt lòt enfòmasyon yon fason pou w pa blyie yo.
- Pou ensidan ki pase sou entènèt yo, fè eskrinchòt mesaj yo.
- Kontakte yon moun ou fè konfyans pou w jwenn sipò.

### Panse pou Siyale Krim nan

- Konpoze 9-1-1 .
- Si ou bezwen yon entèprèt, di lang ou pale a oswa "No English, I speak [your language]."
- Lapolis ka kontakte w pou plis enfòmasyon pandan yo ap mennen ankèt.

## Panse pou al fè deklarasyon nan FBI

- Biwo Federal Ankèt (Federal Bureau of Investigation, FBI) ap siveye krim rejisans yo
- Sou entènèt: tips.FBI.gov
- Nan Telefon: Rele FBI nan 1-800-225-5324



## Si w santi w pa alèz pou w kontakte lapolis oswa si w bezwen plis sipò:

- Kontakte yon moun ou fè konfyans pou w jwenn sipò.
- Itilize yon liy asistans Resous pou Moun ki Víktim Fòskote ak Rayisans ki koute moun pou ede yo epi ba yo resous.
- Kontakte Sant Resous Victims Connect la nan 855-484-2846 oswa ale sou <https://victimconnect.org/>



Si w gen kè sote poutèt sitiayson imigrasyon ou lè w ap siyale yon krim, panse pou w chèche konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon anvan w siyale yon krim. Li posib pou lwa sou imigrasyon Etazini pwoteje moun ki víktim kèk krim.

Si w víktim yon krim oswa ensidan rayisans, li nòmal pou w gen yon dividal reyakson, tankou:

|                   |                                 |                 |                    |                |                                 |
|-------------------|---------------------------------|-----------------|--------------------|----------------|---------------------------------|
| Ou an kòlè        | Ou santi w lage<br>de bra balan | Ou gen laperèz  | Ou tris            | Ou fristre     | Ou manke konfyans<br>nan tèt ou |
| Ou manke<br>somèy | Ou gen tèt fè mal               | Ou santi w wont | Ou gen<br>enkyetid | Amoupwòp ou ba | Ou nan dout                     |

Li ka itil ou pou:

- Chèche sipò nan men moun ou renmen ak fè konfyans.
- Fè bagay ki ede w jere sitiayson an, tankou respirasyon pwofon, egzèsis, lapriyè, elatriye.
- Fè yon ti kanpe lwen vyolans oswa lòt kontni chokan ki nan medya ak sou rezo sosyal yo.
- Kenbe yon abitid. Asire w al kouche epi reveye a menm lè a chak jou.
- Kontakte òganizasyon kominotè yo oswa entitisyon relijiye yo pou w jwenn sipò.